# KITAPXANA ISKERLIGINDE MÁLIMLEME MENEN TÁMIYINLEWDI SHÓLKEMLESTIRIW JUMÍSLARÍNÍŃ ÁHMIYETI

**Sharipova Dilbarxan Atajanovna** – *úlken oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so'zlar:** kutubxonalar, bibliografik axborotlashtirish, bibliografik xizmat, elektron resurslar, avtomatlashtirish, ma'lumotlar, axborot madaniyati.

**Ключевые слова:** библиотеки, библиографическая информатизация, библиографическое обслуживание, электронные ресурсы, автоматизация, информация , информационная культура.

**Key words:** libraries, bibliographic information, bibliographic services, electronic resources, automation, information, information culture.

Respublikada sociallıq-ekonomikalıq tarawdı reformalawdıń házirgi sharayatında málimleme-kitapxana jumısın rawajlandırıwdıń maqset hám wazıypaları elimizde ámelge asırılıp atırǵan ózgerislerge hám xalıqaralıq ámeliyatqa sáykes bolıwı zárúr. Málimleme-kitapxana tarawın rawajlandırıwdıń tiykarǵı maqsetleri - puqaralardıń málimlemeden erkin paydalanıw boyınsha konstituciyalıq huqıqların támiyinlewshi xalıqqa málimleme-kitapxana xızmetin kórsetiw sistemasın rawajlandırıw, milliy hám jáhán mádeniy baylıqları, ámeliy hám fundamental bilimler menen tanıstırıw, sonday-aq, mámleketimizdiń málimleme-kitapxana mákemelerinde bar bolǵan milliy mádeniy miyrastı saqlawdan ibarat. [1]

Joqarı mánawiyatqa iye bolǵan jetik insandı qáliplestiriw, jámiyet aǵzalarınıń sociallıq-siyasiy, materiallıq turmıs tarawındaǵı úlken ózgerislerge tiyisli sezimin tárbiyalaw arqalı belsendiligin arttırıw wazıypaları kitap oqıwshılardıń kompleksli iskerligi sıpatında kitap oqıwshılar menen islewdi hám úzliksiz rawajlandırıp barıwdı talap etedi. Ol oqıwǵa basshılıq, maǵlıwmat hám málimleme menen támiyinlewdi birlestiredi, oqıw nızamlıqların úyreniw tiykarında hár qıylı baspalar, maǵlıwmatlar, málimlemelerdi úgit-násiyatlap jeke tártipte hám ǵalaba tásir ótkeriw quralları járdeminde kitap oqıwshılarǵa xızmet kórsetiwdiń hár qıylı formaları arqalı ámelge asırıladı. Ilimiy, ziyrek jas áwladtı tárbiyalawda Málimleme-kitapxana orayları jámiyettegi barlıq tarawlarǵa tiyisli ádebiyatlardı zamanagóy talaplar tiykarında, paydalanıwshılardıń mánawiyatın jetilistiriwshi ádebiyatlardı usınıw, eń dáslep milliy ideyaǵa tiyisli ádebiyatlar, milliy mádeniy miyrası hám tariyxıy dárekleri paydalanıwshılarǵa usınıp, kitapxanalardıń dúnyaqarasın jetilistiriwge xızmet etetuǵın, ruwxıy-aǵartıwshılıq azıq beretuǵın ilajlar toplamın islep shıǵıw, kitap oqıw mádeniyatın tárbiyalawda, olardı baspa maǵlıwmatlar hám málimleme menen támiyinlew sistemasında nátiyjeli xızmet kórsetip kelmekte. [3,120] Málimleme-kitapxana jumısına kitapqumarlarǵa xızmet kórsetiw, fondlardı toltırıw hám saqlaw, kitapxana processlerin avtomatlastırıw, ilimiy-izertlew hám shólkemlestiriwshilik-metodikalıq jumıs, kadrlardı tayarlaw hám xoshametlew, xalıqaralıq birge islesiwdi keńeytiwge kúshli tásir etiw imkaniyatın beredi.

Zamanagóy kitapxanalar baspa hújjetlerdi saqlaytuǵın passiv bazalardan, aktiv isleytuǵın avtomatlastırılǵan málimleme-resurs oraylarına, elektron kitapxanalarǵa, hújjetlerdi elektron pochta, global telekommunikaciya hám Internet arqalı jetkerip beriwshi hám qabıl etiwshi oraylarǵa aylanıp barmaqta. Kitapxana texnologiyaların korporativlik tiykarda ámelge asırıw jolǵa qoyılmaqta. Avtomatlastırılǵan kitapxana-málimleme texnologiyalarınıń házirgi waqıtta rawajlanıwında bir qatar tiykarǵı tendenciyalar bar bolıp, olar Málimleme-resurs orayları iskerliginde hám óz-ara baylanıslarında ayqın kózge taslanbaqta. [1]

Kitapxana - málimleme xızmetin jámiyetlik materiallıq iskerlik sıpatında túsiniw kitapxananıń jámiyetlik institut sıpatında bilimlerdi, málimlemelerdi jıynaw hám saqlaw, qásterlep saqlawdan tısqarı olardı áwladtan áwladqa, insannan insanga jetkeriwge tiykarlanadı. Kitapxana ǵárezsiz túrde kitap tańlawdı hám usı kitaptan bilim alıw jolların, oqıǵan nárseler haqqında pikir júrgiziwdi hám oǵan sın kóz-qarastan qarawdı, sonıń menen birge kitaplardı tártipli túrde oqıwdı úyretedi.Kitapxana mánáwiy baylıq hám ilimiy oy-pikir dúrdanaların óz qushaǵına alǵan mákemeler bolıp, olar úlken muǵdardaǵı kitap baylıqlarına iye bolǵan hám insaniyat dóretiwshilik qılǵan júdá bay mádeniy miyrastı mıń jıllardan artıq bizge jetkizip bergen.[4]

Zamanagóy kitapxananıń málimleme texnologiyaları, birinshi gezekte, avtomatlastırılǵan kitapxana málimleme sisteması kitapxana hújjetleri fondın (programmalıq hám

elektron málimleme resursların) qayta islew, analitikalıq hám sintetikalıq qayta islew hám paydalanıwshılarǵa usınıwdı támiyinleydi, kitapxana fondlarına barlıq basqıshlarda: satıp alıwdan baslap buyırtpa beriwge shekem xızmet etedi. [2] Búgingi kúnde bibliografiyalıq derekler óziniń áhmiyetke iye bolǵan ornın saqlap turıptı. Bibliografiyalıq derekler kitaplar, jurnallar, gazetalar, túrli málimleme quralları (media), kitapxanalar hám baspa jumısı haqqındaǵı málimlemeni shólkemlesken hám izbe-iz tárizde usınıs etiwdiń eń maqul usılın beredi. Paydalanıwshılar bunday maǵlıwmatlardı Internet tarmaǵı arqalı bólim-bólim kórinisinde tabıw imkaniyatına ie bolsa, bibliografiyalıq kórsetkish kóp dereklerden alınǵan maǵlıwmatlardı bir-birine salıstırıw tiykarında analitikalıq juwmaq shıǵarıw imkaniyatın beredi. Baspa ónimleri, maǵlıwmatlar, maǵlıwmatlardan paydalanıw, oqıw procesinde sanalı hám belsendi múnásibet principiniń qollanılıwı ilimiy biliw nızamlıqlarına tiykarlanadı. Demek, óziniń maqseti hám ózgesheligine kóre biliw procesi bolǵan oqıw paydalanıwshılardan izbe-izlik, sanalılıq, belsendi pikir júrgiziwdi talap etedi. Bilim deregi sıpatında oqıwdıń nátiyjeliligi insannıń ápiwayı oqıwına emes, onıń qalay oqıwına qarap belgilenedi.

Sonıń ushın da oqıw pikirge, mazmundı ulıwmalastırıwǵa hám salıstırıwǵa tiykarlanıwı kerek. Oqıw procesinde sanalılıq dárejesi hám dóretiwshilik belsendiligine qaray paydalanıwshılardıń úsh toparı ajıratıp kórsetiledi: Birinshi topar ushın baspa ónimi, maǵlıwmat hám màlimlemege salıstırǵanda passiv múnásibet bar bolıp, oy-pikirdiń jeterli dárejede rawajlanbaǵanlıǵı, óz jeke "men"in oqılıp atırǵan derek mazmunınan ajırata almawshılıǵı, sın kózqarastıń qáliplespegenligi tán. Ekinshi topar paydalanıwshılar ushın oqıw procesinde dereklerge aktiv múnásibet qáliplesken, rawajlanǵan abstrakt pikir bar bolǵan jaǵday tamam bolıp, oqılǵan derekti talqılay alatuǵın, salıstıratuǵın, avtor menen básekilese alatuǵın, derekler arqalı alǵan bilimin ámeliy jumısta qollana alatuǵın dárejege jetken boladı. Lekin, bul topar paydalanıwshılar óz oy-pikiriniń ózgertiwshi kúshin ańlap jetpegen, derekler mazmunın tereńlestiriw, rawajlandırıw, jańa ideyalardı jaratıw dàrejesine jetpegen boladı. Úshinshi topar paydalanıwshılar derek mazmunın ańlap jetiwinen tısqarı belsendi rawajlandırıw tiykarında àmeliy maqsetler jolında paydalana aladı. Olar ushın oqıw dóretiwshilik izertlew ózgesheligine iye bolıp baradı. Oqıw màdeniyatınıń àhmiyetli kórsetkishlerinen jàne biri oqıwdıń àpiwayı qızıǵıwshılıqtan túp-tikarınan parqlanıp, onıń biliw hàm aǵartıwshılıq dúnyaqaraslıq motiviniń rawajlanıwı.

Motiv latınshada háreketlendiremen, francuzshada shaqırıwshı sebep túsiniklerin ańlatadı. Motivaciya mexanizmi mazmunı boyınsha shaxstıń qanday da bir maqsetke erisiw jolındaǵı anıq iskerligin bildiredi. Talap qızıǵıwshılıqqa, qızıǵıwshılıq bolsa maqsetke aylanadı. Bulardıń barlıǵı qádiriyat ólshemleri menen birgelikte belsendiliktiń ishki qozǵawshıları, háreketlendiriwshi kúshleri, iskerlik motivleri boladı.Mısalı, estetikalıq talaplar oqıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıqqa alıp kelip, rejelestirilgen anıq maqset - kitapxanaǵa barıwdı júzege keltiredi; qádiriyat mólsherleri kitap túrin: fantastikalıq, detektiv, klassikalıq yamasa zamanagóy ádebiyat úlgisin tańlawdı belgileydi hám bunıń nátiyjesinde jumıs islewge umtılıw payda bolıp, shaxstı ózi tárepinen tańlanǵan ádebiyat oqıwǵa iytermeleydi. [4,103] Motivlerdiń tiykarǵı wazıypası insandı háreketke iytermeleytuǵın sebep hám ishki túrtkilerdi háreketke keltiriwden ibarat. Hár qanday iskerlik belgili bir motivler tásirinde júzege keledi hám jeterli sharayat jaratılǵanda ǵana ámelge asadı. Sonıń ushın da paydalanıwshılar menen islesiw procesinde dereklerdi úyreniw hám ózlestiriwdi ámelge asırıwdı támiyinlew ushın olarda oqıw motivleri qáliplesken bolıwı kerek. Paydalanıwshılardıń belgili dereklerdi hám maǵlıwmatlardı úyreniw tiykarında biliw motivleri biliw maqsetin belgilewge, bilim hám kónlikpelerdi ielewge baǵdarlanadı. Kitapxana-málimleme xizmeti procesinde paydalanıwshılar menen islewdi úzliksiz, turaqlı dawam ettiriw ushin paydalanıwshılardıń qızıǵıwshılıǵın úyrenip barıw zárúr. Sonıń ushın da kitapxanada-paydalanıwshılardı úyreniwden tiykarǵı maqset olardıń qızıǵıwshılıǵın úyreniw bolıp esaplanadı. Oqıw processleri mazmunında jastıń ayırmashılıǵı, ásirese, balalar, jas óspirimlerde ózine tán ózgesheliklerine qaray kórinetuǵını kitapxana xızmetkerleri tárepinen ayrıqsha itibarǵa alınıwı kerek. Kitapxanashı paydalanıwshılardı olardıń ulıwma bilim beriw, arnawlı tayarlıq dárejesi, pikirlew erkinliginiń óz ómirinde hám jámiyet turmısında qanshelli áhmiyetke iye ekenligin sanalı túsinigine qaray baǵdarlay alıwı kerek. Kitapxanashınıń juwapkershilikli wazıypalarınan jáne biri - paydalanıwshını zárúr baspa ónimi, maǵlıwmat yamasa maǵlıwmattı biyǵárez, únemli qurallar arqalı taba alıw, óz imkaniyatları hám qızıǵıwshılıqlarına sáykes keletuǵın jeke nátiyjeli oqıw sistemasın qáliplestire alıwǵa úyretiwi kerek. Bul maqsetlerde kitapxanalar sistemalı

tárizde kitapxanashılıq hám bibliografiya, informaciya tanıwshılıqqa baylanıslı bilimlerdi de keń tarqatıwı kerek. Bunnan tiykarǵı maqset - paydalanıwshılarǵa maǵlıwmat bibliografiya sisteması, maǵlıwmat xızmeti haqqında bilim beriw, kerekli maǵlıwmatlar hám informaciyalardı tabıw metodikasın, ilimiy, arnawlı hám kórkem ádebiyatlar menen islewdiń sınalǵan hám nátiyjeli usılların úyretiw. Kitap oqıwdı úgit-násiyatlawdıń eń jaqsı jolı tańlap alınǵan kitaplardı usınıs etiw bolıp tabıladı. Sebebi basıp shıǵarıw múmkinshiliklериniń keńeyip barıwı nátiyjesinde túrli dárejedegi hám mazmundaǵı kitaplardıń baspadan shıǵarılıp atırǵanlıǵı ushın olar ishinen insan oy-pikirin bayıtatuǵın, unamlı pazıyletlerdiń qáliplesiwine tásir kórsetetuǵın kitaplar oqıwǵa baǵdarlay biliw zárúr bolıp tur. Sebebi, tek bilimlendiriw ǵana dúnyaǵa kóz-qarası qáliplesken, jáhán kólemlerinde pikir júrgizetuǵın insanlarǵa jámiyet rawajlanıwına úles qosa aladı. Turmıstıń barlıq tarawlarında tek bilimler arqalı ǵana tabısqa erisiw múmkinligi ózgermeytuǵın haqıyqat bolıp tabıladı.

Paydalanıwshılardıń hár qıylı qatlamları arasında kitapqumarlıqtıń ornın anıqlaw, málimleme alıwdıń tiykarǵı dáreklerin biliw, kitapqumarlıq dárejesiniń tómenlep ketiwiniń sebebin anıqlaw, kitapqumarlıq mádeniyatın qáliplestiriwdi jetilistiriw jolların kórsetiwge erisiw ayrıqsha áhmietke ie bolıp, sol arqalı:

1. Kitapqumarlıq mádeniyatın qáliplestiriwde dástúriy kitapqumarlıq principlerin, formaları hám usılların tolıq saqlaw, dáwirimizdiń ózgesheliklerin esapqa alǵan halda jańa formalar hám usıllardı qollanıw hám jetilistirip barıw;
2. Zamanagóy elektron-texnikalıq qurallardan tolıq paydalana biliwdi tereń ózlestiriw, talqılay biliw tiykarında kitapqumarlıq mádeniyatın dáwir talaplarına juwap bere alatuǵın dárejede qáliplestiriw.
3. Málimlemelesken jámiyette elektron dereklerdiń kóbeyip barıwın kitaptıń shetke shıǵarılıwı emes, al kitapxana- málimleme xızmetleri sheńberiniń jáne de keńeyiwi hám jetilisiwi ekenligin keń túsindiriw.
4. Málimleme mádeniyatı, Oqıw mádeniyatı óz aldına túsinikler emes, negizinde málimleme mádeniyatı da kitapxana-bibliografiya sawatlılıǵı, kompyuter sawatlılıǵı sıyaqlı oqıw mádeniyatı quramına kiriwshi túsinik ekenligin barlıq paydalanıwshılar biliwi zárúr. Áne sonda ǵana kitapqumarlıq mádeniyatın qáliplestiriwde ayırım qarama-qarsılıqlar saplastırıladı. [3, 120]

Kitapxana-málimleme xızmeti processinde oqıw mádeniyatın qáliplestiriw kitapxanalardı jámiyettiń ruwxiy hám ilimiy, texnologiyalıq, ulıwma mádeniy rawajlanıwın támiyinlewshi mákemege aylandırıwga xızmet etedi. Kitapxanalar ruwxıy-aǵartıwshılıq mákemesi sıpatında jámiyet hám shaxs rawajlanıwın úylestiriw tiykarında tómendegi wazıypalardı orınlaydı:

- Hár bir paydalanıwshınıń talap hám mútájligine sáykes kitapxana-málimleme xızmetin kórsetiw;
- kitapxana- málimleme xızmeti arqalı paydalanıwshılardıń barlıq toparların sociallasıw proceslerine tartıw;
- kitapxana-málimleme xızmeti arqalı kitapqumarlıq mádeniyatın qáliplestiriw; [3,121]

Kitapxana-málimleme xızmeti hár bir paydalanıwshınıń sociallıq rawajlanıwındaǵı qatnasın támiyinlewdegi wazıypasın ámelge asırıwǵa járdemlesiw, baǵdarlaw, baqlaw, eksperimentler ótkeriw arqalı usınıslar beriw processlerinen ibarat. Hár bir paydalanıwshıda kitapxana-málimleme xızmeti arqalı kitapqumarlıq mádeniyatınıń qáliplesiwi, olardıń passiv iskerlikten (maǵlıwmat hám málimlemeni qabıl etiw) jedel iskerlikke (maǵlıwmat hám málimlemeni qabıl etiw, qayta islew hám tallaw mánisin ańlaw arqalı jańa maǵlıwmatlar hám bilimlerdi jaratıw) ótiwin támiyinlep, tek ǵana shaxstıń ózine emes, al pútkil jámiyettiń rawajlanıwına xızmet etedi. Paydalanıwshı iskerliginiń aqırǵı nátiyjesi ushın ózi hám avtorlardıń bilim dárejesi, sóylewi hám kónlikpesi, emocionallıq erk-ıqrarı, oqıwdıń psixologiyalıq tárepleri, oqıw ushın jaratılǵan imkaniyatlar hám shárt-sharayatlar paydalanıwshılardıń itibarın tartıw dárejesi hám basqalarǵa baylanıslı. Oqıw psixologiyası paydalanıwshı xızmetinen tısqarı ózlestiriw, túsindiriw, oqıw nátiyjesi, oqıw nátiyjeliligi sıyaqlı túsiniklerdi de óz ishine aladı. Oqıw zárúrligin jaratıwdıń tiykarǵı formalarınan biri oqıw motivi esaplanadı. Paydalanıwshılardıń arnawlı bir dereklerdi hám málimlemelerdi úyreniw tiykarında biliw motivlerin biliw maqsetin qarar taptırıwǵa, bilim hám kónlikpelerdi ielewge baǵdarlanadı. [3,121] Kitapxana-bibliografiyalıq sawatlılıǵı dáslepki basqıshta kitapxana katalogları, kartotekası, bibliografiyalıq qollanbalardan, dereklerden paydalana biliw kónlikpesin payda etiw, kurs jumısları, diplom jumısları, dissertaciyalar boyınsha paydalanılǵan ádebiyatlar dizimin dúziwdi úyretiw arqalı qáliplestirilip barıladı.

Oqıw mádeniyatı óz-ózinen qáliplespeydi hám rawajlanbaydı. Bunıń ushın mámleket hám jámiettiń rawajlanıwında zárúr bolǵan talaplar tiykarında millettiń tili, tariyxı, dini, ǵárezsizligi,

erkinligi, mápi kóz-qarasınan oqıw mádeniyatı qáliplestirilip barıladı. Kitapqumarlıq mádeniyatın qáliplestiriwde kitapxana-málimleme xızmeti menen birge shańaraq, máhálle, bilimlendiriw sisteması, miynet jámáátleri, mámleketlik hákimiyat, siyasiy partiyalar, jámietlik shólkemler, ǵalaba xabar quralları hám puqaralıq jámiyetiniń basqa da institutları zárúr faktorlar bolıp esaplanadı. Kitapxanashılar hár bir paydalanıwshıǵa avtorlıq huqıqı menen qorǵalǵan, barlıq erkin paydalanıw múmkin bolǵan málimleme túrleri, tólemli hám biypul tárizde usınıs etiletuǵın málimleme túrleri arasındaǵı ayırmashılıqlardı túsindirip barıwı, eń maqul málimleme túrlerin usınıs etiwi zárúr. Bunnan tısqarı, maǵlıwmat alıwshı dereklerdiń isenimliligi, atap aytqanda veb-sayttıń isenimliligin anıqlaw ushın onıń avtorı kim ekenligin, haqıyqatında bar yamasa joq ekenligin, ol haqqındaǵı maǵlıwmatlardı tekserip kóriw, informaciya sapası onıń basqa dereklerge siltemelerine, basqa dereklerdiń usı saytqa siltemelerine itibar beriw bárqulla esletip barılıwı kerek. Kitapxanashı hár bir paydalanıwshıǵa nátiyjeli ámeliy járdem kórsetiwi ushın onıń ózine kerekli informaciyanı izlew procesiniń qaysı basqıshında turǵanlıǵın anıq biliwi, belgili bir járdem kórsetilgennen keyin paydalanıwshınıń óz betinshe izleniwin dawam ettiriwine imkaniyat jaratıwı, keyingi basqıshta keńirek kólemdegi járdem zárúr bolǵanda turaqlı keńesgóy hám birge islesiwshi bolıp qalıwı kerek. Ǵalaba xabar quralları, atap aytqanda, televidenie hám radiodan tısqarı baspa ónimleri de oqıw procesleriniń tiykarǵı elementleri esaplanadı. Baspa ónimler - sociallıq informaciyanıń universal tasıwshılarınan biri esaplanıp, adamlardıń hár qıylı mútájliklerin qanaatlandırıw quralları bolıp xızmet etedi. [4,104]

Málimleme-kommunikaciya texnologiyaları tiykarında xalıqqa málimleme-kitapxana xızmetin kórsetiwdi shólkemlestiriw málimleme-kitapxana iskerligin jáne de kúsheytiw, kitapqumar-paydalanıwshı hám ilimiy izleniwshiler ushın jańa, zamanagóy texnikalardı qollaǵan halda xızmet kórsetiw búgingi kún talabı bolıp tabıladı. [6,27] Zamanagóy málimleme texnologiyaları, málimleme aǵımı, internettiń imkaniyatları keńeyip barıwı menen kitaptıń insan hám jámiyet turmısındaǵı ornı, áhmieti azayıp baradı degen kóz-qaraslar da payda bolmaqta. Biraq xalıqaralıq kólemde ótkerilgen izertlewler hám sorawlardıń kórsetiwinshe internetten paydalanıwshılardıń ósiwine sáykes tárizde kitap satıp alıw hám oqıw da ósip barmaqta.Eger bul jaǵday Batıs mámleketlerinde júz berip atırǵanların esapqa alsaq ruwxıy rawajlanıwda kitaptıń ornın hesh nárse basa almaytuǵınlıǵı kórinip tur. Sońǵı waqıtları mámleketimizde de kitap satıp alıw hám oqıw mádeniyatınıń sezilerli dárejede ósip atırǵanlıǵın baqlaw múmkin. Bul jaǵday adamlardıń ruwxıylıq tárepke, kitap oqıw tárepke júz burıp atırǵanınan dárek bolıp tabıladı. Solay eken, maǵlıwmatlar aǵımı qanshelli kúsheytiliwine qaramastan internet tarmaǵındaǵı maǵlıwmatlardıń júdá kópligine qaramastan kitaptıń ornın hesh nárse basa almaydı.

Reformalar strategiyasına bola jámiyet turmısınıń barlıq tarawlarında ámelge asırılıp atırǵan úlken ózgerislerdiń jáne de tabıslı tárizde ámelge asırılıwı basqa tárepten adamlardıń huqıqıy sana-sezimi hám huqıqıy mádeniyatı dárejesine baylanıslı. Soǵan muwapıq mámleketimizde huqıqıy tálim hám bilimdi, jámiyette huqıqıy bilimler úgit-násiyatlawdı túp-tiykarınan jaqsılawǵa baǵdarlanǵan maqsetli, keń kólemli ilajlar baǵdarlaması islep shıǵıldı. Bul baǵdarlamanıń ámelge asırılıwı xalıqtıń huqıq hám erkinliklerine húrmet penen qatnasta bolıwdı, puqaralarda nızamǵa boysınıw sezimi jáne de artıp barıwın támiyinleydi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**


1. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2019 йил 7 июндаги ПҚ-4354-сон «Ўзбекистон Республикаси аҳолисига ахборот-кутубхона хизмати кўрсатишни янада такомиллаштириш тўғрисида»ги қарори. www.lex.uz
2. https://uz.wikipedia.org/wiki/Avtomatlashtirilgan_kutubxona
3. Yuldashev I .J., Nosirov Ó. Kutubxona-axborot xizmati: nazariyasi va amaliyot.- Toshkent: Fan va ta'lim, 2021.
4. Умаров А.Мутолаа маданияти: шахс, жамият, тараккиёт.-Тошкент : Фан, 2004.-194b
5. Sharipova D. Kitapxana - málimleme xızmetin kórsetiwdiń ayırım tendenciyaları hám wazıypaları. Евразийский журнал социальных наук, философии и культуры, 2023. 3 (10), 83–87. извлечено от https://in-academy.uz/index.php/ejsspc/article/view/22334
6. Sharipova Dilbarxan. "Issues of Improving the Methodology of Teaching Library Studies."Web of Semantic: Universal Journal on Innovative Education 2.4 (2023): 260-265.ISSN: 2835-3048 Retrieved from https://univerpubl.com/index.php/semantic

**REZYUME.** Bibliografik axborotlashtirish foydalanuvchilarni bibliografik axborot bilan muntazam va ba’zan epizodik holatda ta’minlash hamda axborot talabgorlarining axborotga boʻlgan doimiy ehtiyojlarini qondirishdir. Uning maqsadi - muayyan vaqt davomida yoki muntazam ravishda kitobxonlarni qiziqtirgan mavzular, masalalar, muammolar boʻyicha chop etilgan eng yangi adabiyotlar, kutubxona fondiga kelib tushayotgan adabiyotlar, shuningdek, aynan shu kutubxonada yoki axborot resurs markazlarida mavjud boʻlgan yangi hujjatlar bilan tanishtirib boriladi.Ushbu maqolada foydalanuvchilarning muayyan ma’lumotlarni olish uchun mustaqil faoliyat yuritishiga koʻmaklashish orqali ularda axborot madaniyatini shakllantirib borish haqidagi jarayonlar koʻrib chiqiladi.Axborot madaniyatini shakllantirish muhim ahamiyatga ega boʻlib, fikrlashga asoslanish, tahlil qila olish asosida baholash koʻnikmasini shakllantirish tahlil qilinadi.

**РЕЗЮМЕ.** Библиографическая информатизация - это регулярное и иногда эпизодическое обеспечение пользователей библиографической информацией и удовлетворение постоянных информационных потребностей пользователей. Его цель - ознакомить читателей с новейшей литературой, опубликованной на темы, вопросы и проблемы, которые интересуют читателей в течение определенного периода времени или регулярно, с литературой, поступающей в библиотечный фонд, а также с новыми документами, доступными в этой библиотеке или информационно-ресурсных центрах.В данной статье рассматриваются процессы формирования информационной культуры у пользователей, помогая им самостоятельно работать над получением определенной информации. Важное значение имеет формирование информационной культуры, анализируется формирование навыков оценки на основе мышления, умения анализировать.

**SUMMARY.** Bibliographic informatization is the regular and sometimes episodic provision of users with bibliographic information and the satisfaction of users' constant information needs. Its purpose is to familiarize readers with the latest literature published on topics, issues, and problems that interest readers for a certain period of time or regularly, with literature coming into the library collection, as well as with new documents available in this library or information resource centers.This article examines the processes of forming information culture in users, helping them work independently on obtaining certain information. The formation of information culture is of great importance, the formation of assessment skills based on thinking, the ability to analyze is analyzed.

***JÁMIYETLIK-GUMANITAR PÁNLER***

## ӘДЕБИЯТ ТЕОРИЯСЫН ОҚЫТЫЎ МЕТОДИКАСЫ

**Абдижамилова Дилафруз** – *магистр*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** бадиий адабиёт, дастур, фан, адабий курс, метод, усуллар.

**Ключевые слово:** художественная литература, программа, наука, литературный курс, метод, приемы.

**Key words:** literature, program, subject, literary course, method, methods.

Улыўма билим беретуғын мектеплерде қандай пән оқытылмасын мектеп тәжирийбесиндеги бас ўазыйпа оқыўшыларға илимий билим бериў системасын қәлиплестириўден ибарат болып есапланады. Бул мектеплерде демократиялық, еркин пуқаралық жәмийет қурыў мәселелери менен жасларға тәрбия бериў мәселелери менен тығыз байланыста алып барылып атырғанлығының гуўасы болып есапланады.

Илимий билим бериў системасына күш салыў мектепте ҳәмме пәнлер менен бир қатарда қарақалпақ әдебияты пәнине де тийисли процесс болып есапланады. Көркем әдебият бизиң жаңадан раўажланып атырған ҳақыйқатлығымызда өмирди жаңаша цивилизациялық көзқарастан турып қайта қурыўдың ең күшли қуралы болып есапланады. Соның ушында мектеп оқыўшылары өз көзқарасларын қәлиплестириў ушын келешек ашық пуқаралық жәмийет қурыў ислеринде белсенди пайдаланыў ушын бул қурал менен жақсы қуралланыўы керек. Бул ушын оқыўшылар мектепте көркем әдебий материаллар бойынша илимий бир системаға ийе болыўлары керек.